

**OU KA KONSÈNE NAN YON REZOLISYON KI PWOPoze NAN KAD PWOSÈ YON
GWOUP MOUN TE MET ANSANM POU YO FÈ KONSÈNAN AKSÈ NAN SISTÈM
TREN KI NAN VIL NOUYÒK LA.**

Yon tribinal te otorize avi sa a. Sa a pa yon demann yon avoka voye.

Petèt ou fè pati gwoup rezolisyon ki pwopoze a si:

- 1. Ou gen yon andikap ki fè l difisil oubyen enposib pou w itilize eskalye; epi**
- 2. Ou bezwen chemen ki pa gen eskalye pou w fè trajè w yo nan sistèm tren ki nan Vil Nouyòk la.**

TANPRI LI

Antant rezolisyon ki pwopoze a ta sanse mete sou pye de pwosè ann atant ki konsène yon gwoup moun ki met ansanm, òganizasyon pou moun andikape ak plizyè moun ki sou chèz woulant fè kont MTA ak NYC Transit ("Akize yo). Dosye sa yo konteste lefètke pa gen aksè nan sistèm tren nan Nouyòk la nan non moun ki limite nan deplasman yo, sa gen ladan l moun ki sou chèz woulant oubyen ki itilize lòt zouti ki pou ede yo (tankou sipò pou mache, beki oswa baton).

Premye pwosè a, *Center for Independence of the Disabled, New York v. Metropolitan Transportation Authority*, Case No. 153765/2017 (Supreme Court, NY County) se paske ta sanble Akize yo pa mete asansè oswa lòt mwayen ki pa gen eskalye nan anviwon 75% estasyon tren yo sa ki ta lakòz yon refiize ba yo menm aksè tout moun genyen nan sistèm tren an e sa a pa annamoni ak Lwa lokal pou Vil Nouyòk. Dezyèm pwosè a, *De La Rosa v. Metropolitan Transportation Authority*, Case No. 19-cv-4406 (S.D.N.Y.), se paske ta sanble Akize yo abitye fè diskriminasyon lè y ap fè travay renovasyon, lè yo pa mete asansè oswa lòt chemen ki pa gen eskalye e sa pa annamoni ak Lwa Federal ak Lwa lokal yo.

Nan lane 2022, Konsène yo te jwenn yon rezolisyon pou toulède pwosè yo, kote Akize yo te dakò, sou baz kèk kondisyon, pou yo:

1. Asire yo omwen 95% nan 364 stasyon MTA ki pa gen aksè nan moman an (jan sa parèt nan Antant Rezolisyon an) pral gen aksè disi 2055 (gen kondisyon ki ka aplike tankou fasilite pou jwenn finansman ak lavi chè ki ka vin genyen).
2. Angaje yo pou yo dekri nivo finansman yo pou chak Plan Enfrastrikti MTA k ap la pou renove estasyon yo pou kreye chemen ki pa gen eskalye.
3. Chanje règleman yo genyen pou egzije yo mete chemen ki pa gen eskalye pandan kèk pwojè renovasyon estasyon.

**POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON, OSWA POU LI AVI KONPLÈ A, ALE SOU
DRALEGAL.ORG, VOYE YON IMEL NAN NYCSUBWAYS@DRALEGAL.ORG,
OSWA RELE 332-217-2363.**

Pou w jwenn kopi Avi sa nan lòt fòm oswa lang tanpri voye yon imel nan
NYCsubways@dralegal.org, oswa accessibility@mtahq.org, oswa rele 332-217-2363.